



City of Boston
Mayor Michelle Wu
Mayor's Office for Immigrant Advancement

Pou Piblikasyon imedyat:

Kontak: Biwo Majistra a pou Avansman Imigran (Mayor's Office for Immigrant Advancement)

Manadjè Kominikasyon: Pai En Yu - paien.yu@boston.gov

**MAJISTRA WU AK BIWO MAJISTRA A POU AVANSMAN IMIGRAN
BAY 6 ÒGANIZASYON KI BAY IMIGRAN PRIM
MINI-SIBVANSYON POU SANTE MANTAL**

\$39,000 ap ale jwenn òganizasyon non-gouvènmantal pou sipòte pwogram sante mantal pou kominote imigran yo

BOSTON - Majistra Michelle Wu ansanm ak Biwo Majistra a pou Avansman Imigran (Mayor's Office for Immigrant Advancement, MOIA) ap bay 6 òganizasyon ki sèvi imigran \$39,000 nan fòm mini-sibvansyon. Lajan sa a pral ede òganizasyon yo elaji devlopman pwogram sante mantal yo pou kominote imigran yo.

“Rive jwenn aksè a sèvis sante mantal ka difisil pou kominote imigran yo poutèt obstak langaj ak kilti poze”, Majistra Wu deklare. “Òganizasyon non-gouvènmantal sa yo ap founi sipò sante mantal nan yon fason ki satisfè bay rezidan yo, e mwen rekonesan ke Meri a kapab sipòte aktivite enpòtan sa yo ke nou bezwen akyèlman.”

“Kominote imigran nou yo pami gwoup ki pi afekte pa COVID-19”, Yusufi Vali, Direktè Biwo Majistra a pou Avansman Imigran, anonse. “Etan n’ap kontinye ak efò pou nou rekipere, nou dwe bay sante mantal priyorite e chèche jwenn fason ki pi inovan pou ede moun yo refè.”

Chak nan 6 òganizasyon non-gouvènmantal yo pral resevwa \$6,500 pou devlope pwogram sante mantal. Pwogram yo pral inkli sèvis divès tankou rakonte istwa, gwoup sipò pou ankouraje konvalesans, ak fwa atizana.

Òganizasyon ki annapre yo se benefisyè Mini-Sibvansyon Sante Mantal MOIA yo:



City of Boston
Mayor Michelle Wu
Mayor's Office for Immigrant Advancement

Asian American Resource Workshop (AARW): Òganize sesyon sipò pou byennèt kominotè ak sante mantal pou imigran Azyatik nan Dorchester

Brazilian Worker Center: Elaji inisyativ Mulheres Vencedoras yo atravè yon pwogram 8 semèn ki pral montre moun kòman yo ka pi byen jere estrès ke yo genyen chak jou e ki pral pwomouvwa byennèt emosyonèl tou

Chica Project: Itilize fòmasyon ak konvèsasyon pou abòde faktè sosyal ak kiltirèl ki kontribye a difikilte sante mantal ak risk swisid kay etidyan fi ki Latinx e Nwa

Community Healing Center Project with Mutual Aid Eastie: Òganize fwa atizana ak sesyon fòmasyon ki konsantre sou pratik pou ede moun refè, tankou gwoup sipò pou ankouraje konvalesans nan East Boston

Family Nurturing Center for Massachusetts: Òganize de (2) Gwoup Sipò ki rele Nurturing Circles chak mwa e ofri opòtinite pou jwenn aksè a alimantasyon pou bon sante e ki bon mache pou imigran Kap Vèdyen nan Dorchester, Allston, Brighton, Hyde Park ak Roslindale

Somali Parents Advocacy Center for Education (SPACE): Ofri 10 sesyon ti gwoup nan Roslindale ak Roxbury pou fanmi imigran ki soti Somali e ki gen timoun ki andikape.

Nenpòt moun ki ta renmen patisipe nan pwogram sa yo kapab kontakte òganizasyon an dirèkteman.

MOIA pral kolabore ak Sant Leah Zallman pou Rechèch sou Sante Imigran (Leah Zallman Center for Immigrant Health Research) pou chèche konnen kijan òganizasyon benefisyè yo ap amelyore resous sante mantal pou imigran yo. Rezilta yo ta ka oryante investisman Meri a pou pi devan.

Konsènan Biwo Majistra a pou Avansman Imigran



City of Boston
Mayor Michelle Wu
Mayor's Office for Immigrant Advancement

Biwo Majistra pou Avansman Imigran (Mayor's Office for Immigrant Advancement, MOIA) fè efò pou ranfòse kapasite imigran pou yo ka patisipe konplètman e nan yon fason ki ekkitab nan lavi ekonomik, sivik, sosyal ak kiltirèl nan Boston. MOIA ankouraje rekonesans ak konsyans piblik o sijè kontribisyon imigran yo nan Vil la. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite boston.gov/immigrants.

###